Зи гуЛъытэ псоми ялъыс

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Макъамэ пшыхьхэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№77 (24.671) • 2024 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 27, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

2024

Фокiадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр хэхыным и Iэзэхуэкiэ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къыдэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 48-нэ статьям и 2 Iыхьэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IэхущIапIэм хьыбар фегъащIэ «КъБР-Медиа» ГКУ-м хьыхэ периодикэ печать къыдэзыгъэкI къэрал редакцэкэм псоми зэхэту хэхьныгъэм ипэ къихуэ агитацэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату хахьныимкIэ кандидатхэм я спискэхэр къэзыгъэлъэгъуауэ ятха хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм пщIэ щIамыту кв.см 9300-рэ зэрыщыхухахамкIэ. Абы щыщу:

№ п/п	Политикэ партхэм, зезыгъэтха кандидатхэм я агитацэ материалхэр традзэнымкIэ IуэхутхьэбзэлIэужьыгъуэр	Къызэрапщыр	Куэдагъыр (тхьэмахуэм)
1.	«Кабардино-Балкарская правда»	кв. см.	2300
1.1.	Традзэнум и инагъыр		
2.	«Адыгэ псалъэ»	кв. см.	2300
2.1.	Традзэнум и инагъыр		
3.	«Заман»	кв. см.	2300
3.1.	Традзэнум и инагъыр		
4.	«Советская молодёжь»	кв. см.	1200
4.1.	Традзэнум и инагъыр		
5.	«Горянка»	кв. см.	1200
5.1.	Традзэнум и инагъыр		

«Урысей зэкъуэтым» егъэбелджылы

• ЗэIущIэхэр

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и 35-нэ зэхуэсым хэтащ КъБР-м и IэтащхьэКIуэкIуэ Казбек.

КъЫЗЭХУЭСАХЭР хэплъащ КъБР-м и Парламентым къыпэщылъ хэхыныгъэхэм я къыдэгъэпэщыкIэ хъунум, апхуэдэуи «Урысей зэкъуэт» партым кьыбгъэдэкIыу КъБР-м и Парламентым и еблагъ зэхуэсыгъуэм хагъэхьэну загъэхьэзыр депутатхэр къыхахащ.

«Партым къыхилъхьа спискэм и пашэу щытыну къытхуагъэфэщащ сэ, «Ни шагу назад» волонтер жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Байсиев Темиржан, дзэ Iуэху хэхам и ветеран Шевчук Герман.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ мызыгъуэгум япэу а пщэрылъыр зыхуагъэлъэгъуахэри, «Урысей зэкъуэтым» куэд щIауэ щылэжььахэри зэрахэтыр.

Абыхэм ящыщщ дохутырхэр, егъэджакIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм жыджэру хэтхэр, щIалэгъуалэр. Зи гугъу сщIыхэр цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэм фIыуэ щыгъуазэщ, жылагъэум папщIэ ягуэфIэкI зыщIэщ.

Дэ дянэкIи делэжьынущ УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэлъэгъуахэмрэ Накъыгъэ унафэхэм къыщихьахэмрэ. Къалэн нэхъыщхьэу къонэж дзэ Iуэху хэхар егъэкIуэкIыныкIэ щIэгъэкъуэн хъунымрэ, ди зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ. Апхуэдэуи иужь дитынущ ди жылагъуэр нэхъри зэкъуэгъэуэным, лъэпкъ дин зэхущытыкIэрIхэр хьмэным, ди республикэм мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ илъыным», - щетх КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

КъБР-м и IэтащхьэмрэПравительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Уэлбанэшхуэм кърикIуахэр

Ди республикэм мы махуэхэм уэлбанэшхуэ щыщыIащ. ЩIыуэпсым и щытыкIэ къызэрымыкIуэм къытхуихьащ уэшхыщхэр, жьышхуэ, щIыпIэ-щIыпIэхэм уэ къыщохащ. Абыхэм къарикIуа Iуэхугъуэхэмтепсэлъыхьащ КъБР-м и IэтащхьэКIуэкIуэ Казбек.

УЭЛБАНЭШХУЭМ и лъэужьхэр куэд мэхъу. Псэуалъэ унэхэм ящыщ куэдым я щхьэхэр уэм зэхикъутащ, тримаи яхэту. Псом хуэмыдэу хэщIыныгъэ ягъуэтащ Бахьсэн, Прохладнэ къалэхэм, Бахьсэн, Прохладнэ, Шэрэдж районхэм. Прохладнэ къалэм жьышхуэм къыщигъэуа жыгым фэбжь хихащ сабийм. Ар Налшык сымаджэщым къашащ, зыхуэныкъуэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псори егъуэт.

«КъэкIуэну жэщ-махуэм хъриубыдэу зэпыункIэ хъунущ связыр, электрокъарур, жьым зи лъабжьэхэр кьиргъэтIэсхъа жыгхэр къэуэнкIэ шынагъуэ щыIэщ. Республикэм щIепсоуэхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ фыкъыхуэоджэ набдзэгубдзаплъагъэ а псомкIи зыхэвгъэлъыну, электрокъарур зэрыкIуэ кIапсэхэм фахуэсакъыну. Уэлбанэшхуэм къыгъуихьахэр гъэзэкIуэжьным йолэжь гуп хэхахэр. Си щхьэкIэ си нэIэм щIэтщ щытыкIэр», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм, цIыхухэм захуигъаззу.

ИпэжьпIэкIэ, щытыкIэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ щыналъэм и пашэр. Абы щIэх-щIэхьыурэ Iэрохьэ жьлэхэр зэрыт щытыкIэм ехьэпIа хъыбархэр, псом хуэмыдэу уэлбанэшхуэм ЮисрафищIахэм ятеухуахэр. МЧС-м и щыналъэ къудамэм, КъБР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ и министерствэм, КъБР-м ТранспортымкIэ и министерствэм я IэнатIэ псори йолэжь щытыкIэр зэтес щIыжьным. Районхэм щылажьэ комиссэ хэхахэм эмэн кIэщIым къриубыдэу къапщытэнущ, уэлбанэшхуэм къихьа хэщIыныгъэхэм я куэдагъыр икIи ахэр зи лъабжьэ унафэхэр кьащтэнущ.

Хэгъэзыхьрэ тегуплIэныгъэрэ хэмыту

КъБР-м и IэтащхьэКIуэкIуэ Казбек республикэм 2023 гъэ лъандэрэ щагъэзащIэ «ЛIыхъужьхэм я щIэблэр» пэхущIэм теухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.

ПЭХУЭЩIЭМ ипкъ иткIэ къудамэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэр дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абы и ветеранхэмрэ я сабийхэм якIалъэлъ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэ драгъэкIуэкI, психолог дзэпыкъуныгъэхэр ирахьэлIэ, зыхуеджэну IэщIагъэр, зыщIэтIысхьэну еджапIэр къыхахынымкIэ ядолэпыкъу.

ЗэIуущIэм хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзэор, щIалагъуэлэм я IуэхуэкIэмкIэ министр Лу Азэмэт, КъБР-м и Унафэщым и чэнджэщэгъу Миронов Николай, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и унафэщI Дадэ МуIэед сымэ.

Миронов Николай къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ проектым ипкъ иткIэ ягъэзащIэ лэжьыгъэм, «ЛIыхъужьхэм я щIэблэ» зыфIаща, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абы и ветеранхэмрэ я бынхэр цIыхубз гъащIэм нэхъ тынщу хэпщIа хъун папщIэ къыдах жэрдэмхэм. Мироновым къыхигъэщащ зи гугъу ящI сабийхэм щыщ куэд я адэхэм я лъэужьым ирикIуэну зэрыщIэхъуэпсыр, Хэкум гугъу зыхурагъэхьыну зэрыхуейр - къэрал IуэхущIапIэхэм, дзэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, къинэмыщIхэм епха IэнатIэ къыхахыну нэхъ къыззращтэр.

ПроектыщIэр а псомкIи щхьэпэ мэхъу. Сабийхэм къыдалъхуа Iэзагъыр щагъэуанэху егъэджэныгъэ программхэм, творческэ зэхуэсхэм, щIалэгъуалэ дауэдапщэхэм хэтыну Iэмал зэраIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абыхэм хохьэ турист, спорт, волонтёр зэщIэхъеенныгъэхэри. «ЛIыхъужьхэм я щIэблэр» проектыр ягъэзащIэкIэрэ, ныбжьыщIэхэм Iэмал иратынущ къулыкъущIэхэм, политикэм, цIыхубз лэжьакIуэхэм яIуущIэну. КъинэмыщIауэ, IэщIагъэ къыхахынымкIэ, IуэхущIапIэхэм зыщагъэсэнымкIэ, лэжьыгъэм хэпщIа хъунымкIэ щхьэпэщ проектыщIэр.

КIуэкIуэ Казбек унафэ ищIащ унэтIныгъэщIэмкIэ жэуап зыхь къудамэхэм я лэжьыгъэр зэрагъэуIуну. Iэтащхьэм къыззрилъытэмкIэ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я сабийхэр нэхъ гу махэу зэрыщытым къыхэкIыу, абыхэм ядэлэжьапхъэщ Iэдэб ягъэпыу, зэрытемыгуплIэным, зэрыхамыгъэзэхыным хуэсакъыу.

Я щхьэ IуэхукIэ зыхуагъэзащ

УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ КИФЩI-м къэрал унафэщIым и полномочнэ лIыкIуэу щыIэ Чайкэ Юрий цIыхухэм я щхьэ Iуэхукlэ зыхуагъэзащ. А Iуэхум хэлэжьыхьащ КъБР-м и IэтащхьэКIуэкIуэ Казбек.

КИФЩI-м хиубыдэ щыналъэм щыщ цIыхухэр лIыкIуэм зэрелъэIуахэм ят Налшык дэт унэхэм къедза пщIантIэхэмрэ унэ Iухьэпlэхэмрэ зыхуей зэрыхуэгъэзапхъэр. А лъэIур ягъэззэщIну унафэ къащтащ. Зэрызыхуагъэза Iуэхугъуэ псоми ятеухуауэ лIыкIуэм унафэ пыухыкIахэр ищIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр хэхыным и Iэзэхуэкlэ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къыдэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 48-нэ статьям и 2 Iыхьэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм хьыбар фегъащIэ «КъБР-Медиа» ГКУ-м хьыхэ периодикэ печать къыдэзыгъэкI къэрал редакцэкэм псоми зэхэту хэхьныгъэм ипэ къихуэ агитацэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату хахьныимкIэ кандидатхэм я спискэхэр къэзыгъэлъэгъуауэ ятха хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм пщIэ щIамыту кв.см 9300-рэ зэрыщыхухахамкIэ. Абы щыщу:

№ п/п	Политикэ партхэм, зезыгъэтха кандидатхэм я агитацэ материалхэр традзэнымкIэ IуэхутхьэбзэлIэужьыгъуэр	Къызэрапщыр	Куэдагъыр (тхьэмахуэм)
1.	«Кабардино-Балкарская правда»	кв. см.	2300
1.1.	Традзэнум и инагъыр		
2.	«Адыгэ псалъэ»	кв. см.	2300
2.1.	Традзэнум и инагъыр		
3.	«Заман»	кв. см.	2300
3.1.	Традзэнум и инагъыр		
4.	«Советская молодёжь»	кв. см.	1200
4.1.	Традзэнум и инагъыр		
5.	«Горянка»	кв. см.	1200
5.1.	Традзэнум и инагъыр		

Шэрджэс пщащэр IуащхьэмахуэдокI

Мы махуэхэм адыгэм и щхьэр лъагэу щIилъагъуэжхэм хуэдэ зы Iуэху къыддэхъуащ. Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщ, Черкесск къыщыдзкI «Лэгъупыкъу» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ, «Черкес хэку» адыгэ газетым жэуап зыхь и секретарь Аслъэныкъуэ (Хьэтай) Мадинэ.

МАДИНЭ куэд щIауэ игу илъ хъуэпсапIэр хуиГъэпсащ «Черкес хэку» газетыр къыдэкIын зэрыщIидзэрэ мы гъэм илъэси 100 зэрырикъум.

Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэщ, гугъущ, уеблэмэ псэзэпылъхьэпIэщ. Абы дэкIыф закъуэтIакъуэм ящыщ зы хуэащ шэрджэс пщащэр. Бэылъкугъэм хуумыгъэфэщэн лIыгъэ Мадинэ къызэхъуихри, и адрэм и хъуэпсапIэу зэгуэр кьриIуэтылIа Iуэхур нэрылъагъу ищIащ. Альпинист щэрыIуэ Мэз Каринэ зыпищIэри, Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ бгым и щыгу дэкIыным зыхуигъэхьэзыру щIидзащ. Тынштэкъым а Iуэхур. Илъэс ныкъуэм къриубыдэу езыр щыпсэу Жьэкуэ зэрыс бгы куэщIыр куэдрэ къызэхикIухьащ, метр 1300-рэ зи лъагагъ Хьэтикъуэ бгым пщэдджьыжь кьэс дэкIуейуэрэ къеХьжащ. Ауэрэ хьэпIэ илъэсыу дищыеин хуейуэ Каринэ къыщыжриIэм, плIэм илъ къэлътмакъ цIыкIум килограмм 15-м щIигъу хьэпIэ ирилъхьэурэ дэкIащ. Жьэкуэ и джабзэкр тафэу къыщыхъуу къызэхикIухьащ Мадинэ, апхуэдизкIэ хуэнэхуеиншэу Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгум зыхуигъэхьэзырти.

Апхуэдэурэ зэраухылIа пIалъэр къэсри, мэкъуауэгъуэм и 20-м Чегет къыщыщIэдза гъуэгум теуващ пщащэр. Мызыгъэм Каринэ Iуащхьэмахуэ дищыеину зэхуищэса гупым хэтхэр альпинист, спортсмен защIэт, абы творческэ лэжьыгъэ пэрыт пщащэр тIэкIу щхьэIэщтаблэ ищIами, зы махуэ нэхъ яхэмыту и гур къызэрыгъэтыжащ, къаруки, тегушхуэныгъэкIи, лъэрызехьагъкIи къаззрыкIэрымыхур кьыгурыIуэри. Жьэкуэ и джабз куэщIым къыщалъхуа адыгэ пщащэр къикIуэтакъым. Гъэзгур гугъуу щытами, Iуащхьэмахуэ фIыуэ ильагъуа цIыхуэсэм, дахэу иригъэблагъэ хьэщIэхэм ящыщ хъуащ Мадинэ. Мэкъуауэгъуэм и 24-м сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 50-м метр 5642-м нэсащ, уэсыр зыпэлъ дыгъэр ящхьэщыгу къиту.

Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым, жаIэ адыгэхэм. Игурэ и щхьэрэ зэтелъу апхуэдэ гъуэгу щIытехьэфари и къарум къыщыхигъащIэ щымыIэу ар къыщIыззринэкIыфари и хъуэпсапIэр нэхуапIэ ищIын щхьэкIэщ.

УримыпагэнкIэ, уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым апхуэдэ цIыху щыпкъэхэр, пщащэ къызэрымыкIуэхэр къызыхэкIа лъэпкъым уэрыщыщым. Ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъуажащи, дяпэкIэ ищIыну мурадхэри тыншу Тхьэм къригъэхъулIэ ди лэжьэгъуэм!

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.



ЩIыпIэхэр яубзыху

«РТ-Развитие бизнеса» («Ростех») компанием и унафэщIым и япэ къуэдзэ Захаров Андрей, «Эльбрусметалл» Iуэхущlапlэм и генеральнэ унафэщI Балуков Евгений, инвестор гупым КъБР-м и IэтащхьэКIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ.

КъУЛЫКЪУЩIЭХЭР тепсэлъыхьащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм бгы-металлург проектыр гъэзэщIа зэрыщIихъум, вольфрамымрэ молибденымрэ Тырныауз къыщыщIахьыу эзтеублэжа зэрыхъунум. Инвесторхэр иужь итщ зыпэрыхьа Iуэхур екIуэрэ-ещхьу зэфIахыну. Абы къыхэкIыу, иджыпсту а пкъыгъуэхэр зыщIалъ щIыпIэхэм теухуа щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкI Федоровский Н.М. и цIэр зезыхьэ, минеральнэ пкъыгъуэхэмкIэ урысейпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лэжьакIуэхэр я дэIэпыкъуэгъуэ.

Фигу къэдгъэкIыжынци, «Ростех» къэрал корпорацэр Урысейм и машинэхуэу Iуэхущ1апIэ нэхъ ин дыдэрщ, аращ дэ, зауэм къыщагъэсэбэп техникэр зэзыгъэуIур, къэралым мыхьэнэ нэхъ ин зиIэ и Iэнатlэхэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэщ1эхэр къыщIэзыгъэкIыр.

КIуэкIуэ Казбек зэIущIэ нэужьым жиIащ: «Яжеслам къыхэзгъэщащ инвестицэ Iуэхур псом япэ идгъэщхэм зэращыщыр, ар технологие лъагэхэр къыщагъэсэбэп проектхэм зэрехьэлIар. Бгы-металлургыр комбинатыр къыщызэдгъэпэщыжжкIэ, иджырей технологиехэр Iэмал имыIэу къыщыдгъэсэбэпынущ. Ар къызэIутхыжмэ, урысей промышленностыр вольфрам зыхэлъ пкъыгъуэу зыхуей псори къыщIэдгъэкIыфынущ».

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2023 гъэм гъэзэщIа зэрыхъуам и Іуэхукі»» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2023 гъэзэщIа зэрыхъуам и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэштэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ тридзэн икIи хэІущIыІуэ ищын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м
№861-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2023 гъэм гъэзэщIа зэрыхъуам и Іуэхукі Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьищтащ 2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м

1-нэ статья

2023 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкIэ къэзэрыкIуэнур республикэ бюджетущ) 2023 гъэм зэрагъэзэщIам теухуа отчетыр хэхъуэхэмкIэ сом мин 63094527,5-рэ, хэщIэхмкIэ сом мин 63117334,2-рэ хъуэ хэщIхэр хэхъуэхэм сом мин 22806,7-кIэ щIигъуу (республикэ бюджетыр зыхуащIыр) мыпхуэдэ унэтIыныгъэхмкIэ къэштэн:

1) 2023 гъэм республикэ бюджетым и хэхъуэхэр бюджетхэм я хэхъуэхэм я классификацэм и кодымкIэ мы Законым и гуэдзэн №1-м къыщыгъэлъэгъуахэм теухуу;

2) 2023 гъэм республикэ бюджетым и хэщIхэр республикэ бюджетым хэщIхэмкIэ и ведомствэ ухуэкIэмкIэ мы Законым и гуэдзэн №2-м къыщыгъэлъэгъуахэм теухуу;

3) 2023 гъэм бюджетым и хэщIхэр бюджетхэм я хэщIхэмкIэ классификацэм и Іыхьэхэмрэ Іыхьэ щIагъэхмкIэ мы Законым и гуэдзэн №3-м теухуу;

4) 2023 гъэм республикэ бюджетым зыхъущIагъ зэрырагъэкъужыну ахъшэхэм я къыхэкIыпIэхэр бюджетхэр зыхъущIагъэхэр зэрырагъэкъужыну ахъшэхэм я классификацэм и кодхэмкIэ мы Законым и №4-м теухуу.

2-нэ статья

Мы Законым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м
№20-РЗ

Уасэм хагъахъуэ

«Кавказ Ищхьэрэ Россетхэр» Іуэхущапіэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хъыбар фегъэщIэ бадзэуэгъуэм и 1-м нэмысу электрокъарумкIэ фтель щIыхуэхэр зытеврЗкIын зэрыхуеймкIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Тарифхэмрэ псэупIэм кIэлъыплъыныгъэ и министерствэм 2023 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м №251-м щIэту къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, мы гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ электрокъарум щIат уасэм хагъахъуэнущ.

2024 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къуриубыдэу зекIуэ тарифхэм хуэзэр къабжьын папщIэ счётчикэм кьагъэлъэгъуар яІэрыгъэхъэн хуейщ «Къэббалъхэнерго» Іуэхущапіэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэдэсхэм ягъэс киловатт-сыхьэтым сом 5,15-рэ хуэзэнущ.

Электроплитахэр къэзыгъэсэбэп кьуажэдэсхэм, къалэ унэхэм щыпсэухэм, садовод мыкоммерческэ зэгухьаныгъэхэм я дёж абы щыхуэзэнур сом 3,61-рэщ.

Къэбгъэсэбэпа электрокъарум хуэзэ уасэр «Кавказ Ищхьэрэм и Россети» Іуэхущапіэм и кассэхэм щыфащынущ. Ар егъэхъь хуэнущ «Сает Онлайн» мобильнэ приложенэмкIи, компаниием и напэкIуэцIым къыщыізэІуха «Личный кабинет»-мкIи.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Техникэр ирокъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ трактор зэхуэмыдэу 69-рэ гъавэр зэрыуахыж комбайнитI-рэ къащIэхуащ. Нэгъабэ яхуэзэфIэкIам ебгъапщэмэ, мы гъэм зрагъэхуэлIар трактор 11-рэ комбайнитIкIэ нэхъыбэщ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ къыдэритамкIэ, техникэхэр къыщащхуэкIэ лизинг Іэмалхэр жыджэру къагъэсэбэп хъуащ. Псалъэм къыщыдэкIуэу, зэкIэ къызэрабжамкIэ, ищхьэІуэкIэ къыщитIуа техникэхэм, нэгъуэщI оборудованэхэм яІыщIуу 29-р мэкъумэш Іуэхущапіэхэм я Іэмалымкіэ зыІэрагъэхьащ.

Гъавэ Іуэхьжьыгъуэм ирихьэлIэу мэкъумэш техникэщIэхэр іэжьыгъэм илъэс къэс кьыізэрыхашэм, щыІэхэр кьызэрагъэщIэрэщIэжьым и фIыгъэкIэ, мэкъумэш-техникэ мардэм къитIасэу гъавэр и пІалъэм къагъэхъу, бэгъуауи кьрахьэлIэж.

Иджыпсту республикэм и щIыналъэхэм губгъуэ іэжьыгъэхэм щоужьрэжьI, мэкъумэш техникэрэ хуэхьэзыру пежьащ икIи ахэр ирикъуу яІэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Шынагъуэншагъэм папщIэ

УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Гусев Дмитрий Севастополь къалэмрэ Краснодар краймрэ я губернаторхэм захуигъэзащ жылагъуэм и шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщын папщIэ, стратегие, дзэ объектхэм пэгъунэгъуу щыІэ, щыхуу куэд щызэхьихьэ зыгъэпсэхупIэ щыІэпIэхэр зэхуащыну.

Депутатым къыжегъащ а Іуэху бгъэдыхьэкIэр куэдым я тыншыпІэм зэран зэрыхуэхъунури Іуэхущапіэ зыбжанэми я мылъкукIэ хэщIыныгъэ зэрагъэнури къызэрыгуриуэр, ауэ къэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиІэ объектхэр натIэрыуапIэ зыщIа биим и ракетэм и удыным, шэчыпшэу, апхуэдэ щыкIэкIэ щIыхуэр зэрыщыпхъумэфынур.

Махуэ зыбжанэ ипэкIэ СевастопольракетэкIэ къызэреуам насыпыншагъэхуэр кьиишащ, кьалэм и мамыр щIыху куэдым абы фэбжьэр хахащ. Ижьрейуэ кьата хьыбарэм къызэрыхэщыкмкIэ, уІэгъэ хуэхаэмрэ удын зэхуэмыдэхэр зыгъэтахэмрэ щIыхуи 153-рэ мэхъу. КъэхъукащIэм щIыхуи 4 хэкIуэдащ, абыхэм ящыщу тIур сабийщ.

Зэпсэлъэныгъэм къыхуреджэ

Чехием и Президент Павел Петр «Time» кьыдэкIыгъуэм ирита интервьюм щыжиІащ Урысейм и щIыналъэщIэхэр и нэІэм щIэту къызэрыгэнжынур. Апхуэдэу абы и фIэщ хуэркъым Украинэр зыпэщIэува Іуэхум зэман гъунэгъум ехъулIагьэ щIыхьыну.

Абы къызэриІуатэмкIэ, украиншэ зэныкъуэкъуэ Киев ират дзэ дзэпкъыныгъэм и закъуэкIэ зэфIэха зэрыхъукъым, атIэ политикэ, дипломат зэпсэлъэныгъэхэр Іэмал имыІэу щIэпхъэщ.

«Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъуэр зэфIэха зэрыхъунум теухуауэ иджыблагъэ Швейцарием щызэхэта конференцыр мамырыгъэм ухуэзышэ япэ іэкъуэдыкI. Мамырыгъэ нэкъыфIэщIкъым Украинэр зыхуейр, атIэ захуагъэр зи лъабжьэ мамырыгъэщ», - жиІащ Павел Петр.

Чехием и унафэщIым ядин Іыгъыр хьыкIэ НАТО-м и дзэхэр Украинэм гъэкIуэным теухуа псалъэмакъэщ. Абы зэрыжиІэмкIэ, Урысеймрэ зэгухьэныгъэмрэ я зэпэщIэзэныгъэр абдеж кьыщежьэну. «Европэм апхуэдэ зэныкъуэкъу щыІэну зыри хуейкъым», - къыхиІущащ абы.

Мэкъуауэгъуэм и 27, *махуэку*

♦Урысейм и щIалэгъуалэм я махуэщ

♦Бдзэжьей ещанэм и дуейпсо махуэщ

♦Тропик мэзхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦1979 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубз тхакIуэ» цIэ лъапIэр ягъуэващ.

♦1968 гъэм кьалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ШДАА-м и академик **Хьэткъуэ Самир.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриті мкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ, жащым градус 14 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 28, *мэрем*

♦Адыгэ Республикэм и къэрал суверенитетым теуха декларацэр кьыщащта махуэщ

♦1798 гъэм кьалъхуащ 1829 гъэм Іуащхьэмахуэ япэ дыдэу дзкIэ адыгэлI **Хьэшыр Чылар**.

♦1944 гъэм кьалъхуащ тхакIуэ, щIэныгъэлI, генеалогическэ дунейпсо академиемэ (Париж) ЩIДАА-ми я членкорреспондент **Махъсидэ Анатолэ.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриті мкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 23-рэ, жащым градус 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иззэт.**

Лъэпкъ Іуащытэ:

Махуэ псом зэрагъэпцIар чыцI ажэм нкъутэжащ.

Цыхум и хуитныгъэхэр хъумэнымкIэ КъБР-м и Уполномоченнэм и эксперт советым и зэхуэс екIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ дзэ Іуэху хэтхэмрэ щIыналъэм я унагъуэхэмрэ, щхьэхуимыту Іэпхъуэшапхъуэхэм я хуитныгъэм кьыщхьэщыжыным. Кьызэхуэсахэр дакъикъкIэ яхуэщыхъуащ Дагъыстэнымрэ Севастополь къыщыхъуа щIэпхъаджагъэм хэкIуэдахэм.

ЗэІУЩIэМ Эксперт советым щыхагъэхьащ КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщагъу, дзэ Іуэху хэхам и «Хэкум и хъумакIуэхэр» кьэрал фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Дадэ МуІэвэ**, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ и кьудамэм и унафэщI **Дзыгъуэ Асльан**, Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм и унафэщI **Бэрсэдж Анатолэ**, «ЩIалэгъуалэ жэрдэмэкIэ институт» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIым и кьудзэ **Созаевэ Алкэ**, профессор **Караев Расул**, «Афган зауэм, дзэ зэпэщIэныгъэхэм хэтахэм я зэгухьэныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ Іуэхущапіэм и унафэщI **Тхьэгъэлэдж Тимур** сымэ.

- Украинэм дзэ Іуэху хэхам зэрыщыщIдзэрэ ЦIыхум и хуитныгъэхэр зыхъумэхэм догъэзащIэ абы епха лэжьыгъэр. Кьулыкъым пэрыту хэкIуадахэм я унагъуэхэм даІуощIэ икIи дадоІэпыкIу. КьыхэгъэщIхэщ, ди лъэхэгъуэхэм ягъэзащIэрэ кьагъэлъагъуэу япэ махуэм щегъэжьауэ дзэ Іуэху хэхам зэрыхэтыр. Апхуэдэ Хэкум и кьыщхьэщыжакIуэ нэсхущ, - жиІащ ЦIыхум и хуитныгъэхэр хъумэнымкIэ КъБР-м и Уполномоченнэ **Зумакуловборис**. Артепсэлъыхьащ СВО-м хэтхэмрэ абы и ветеранхэмрэ 2023 гъэм кьырубыдыгъэ зыкъызэрыхуагъэзэ упщIэхэм, дзэпэпкъэгъэ зыхуэхъуахэм.

2023 гъэм дзэ Іуэху хэхам хэтхэу е абыхэм я унагъуэхэу ЦIыхум и хуитныгъэхэр хъумэнымкIэ КъБР-м и Уполномоченнэм и Іуэхущапіэм зыкъыхуагъэзащ кьудзэ. Нэхъыбэм щхьэусыгъуэ яхуэхъуар хъыбарыншэу кIуэдахэр кьалъхуэныкIэ, хэкIуадахэм я хьэдэр губгъуэм кьрашыжьнымкIэ, СВО-м хэкIуэдахэм е уІэгъэ щыхуэхъахэм я щIэкIэ кьакIуэ дзэпэпкъуныгъэр яІэрыхьэныкIэ, абыхэм я ипотекэ щIыхуэр ящхьащыхьнымкIэ щыІэ лъэпощхьэпохэрщ.

- Дзэ Іуэху хэхам теухуауэ зыкъыізэрытхуагъазэкэр дгъэзащIэным папщIэ дадоІэпажьэ кьэрал Іуэхущапіэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм. СВО-м хэтхэм я лъэІуэхэр нэхъ щIэхьыу зэфIэха хъунымкIэ кьыддэІэпыкъун папщIэ зэгурыІуэныгъэ едухьылIащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» кьэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, дыдолажьэ КъБР-м и дзэ комиссариатым. КъБР-м и Уполномоченнэм республикэм и унафэщIхэм захуигъэзащ дзэ Іуэху хэхам хэкIуэда си сэлэтхэм я фэеплъым теухуауэ. Ар щагъэувнущ ТекIуэныгъэм и паркым деж. Республикэм и щIыналъэхэм лIыхьужьхэр зыщеджа курыт еджапІэхэм фэеплъ пхъэбгу кьащIыхуэзэІуахыныр ядыдоІыгъ. Уполномоченнэм и деж щыІэ Эксперт советым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм зыхуэгъэзащ СВО-м хэтхэмрэ ветеранхэмрэ я узыншагъэр щызэтрагъэувэжьын центр Налшык къыщызэІуахынымкIэ и Іуэхукі. Апхуэдэ центр республикэм щыдиІэмэ, защагъэхьэж хъунущ Кавказ Ищхьэрэм и адрей щыналъэхэм щыщхэми, - жиІащ Зумакуловым.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ Дадэ МуІэвэ. Мы зэманым абы и щIыналъэ къудамэм щолажьэ цIыху 38-рэ.

ИлъэсыМ къыриубыдэу фондым къратхьащ зыкъызэрыхуагъазэ тхыгъэ 8400-рэ. Ахэр екъэлIащ дзэ Іуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм ядэІэпыкъун зэрыхуейм, СВО-м хэтхэм абы и ветеран зэрыхъуам щыхьэт техьэу тхьилъ етыжьыным, ветеранхэм я узышагъэм кIэлъагъэлъыным, санаторэхэм гъэкIуэным, хуейхэм психолог ядагъэлажьэным, СВО-м хэтхэмрэ ветеранхэмрэ юридическэ чэнджэщхэр етыным, нэгъуэщIхэми.

Фондым и щIыналъэ къудамэм зэпыу имыІэу и нэІэ тетщ цIыху 749-рэ. Абыхэм ящыщу 274-р дзэ Іуэху хэхам и ветеранщ, 475-р хэкIуэдахэм я унагъуэм щыщхащ. Фондым зыкъыхуагъэзащ СВО-м хэт цIыху 1140-м, зауэлIхэм я благъэ-Іыхьлыгъ 2888-м. Мы зэманым дзэ Іуэху хэхам фэбжь хэзыха цIыху 41-м фондыр дэІэпыкъу ахэр гъащIэм хэзэгъэжьынымкIэ. Абыхэм ящыщ цIыху 28-м папщIэ фондым дэфтэр игъэхьэзыращ. Дзэ Іуэху хэхам ныкъуэдыкъуэ щыхъуа цIыху 13-м я унэхэм е фэтэрым щагъэуващ я псэукIэр ящызыгъэпсынщIэ «Умный дом» Іэмэпсымэхэр.

Фондым и щIыналъэ къудамэм и лэжьыгъэхэм хохьэ дзэ Іуэху хэхам хэтахэмрэ абыхэм я унагъуэм щыщхэмрэ лэжьапІэ Іэнатіэ къыхэзгъэтынри.

- СВО-м щыІэхэмрэ хэтахэмрэ, абыхэм я унагъуэхэм сэбэп дахуэхъун щхьэкIэ министерствэхэм, ведомствэхэм, щIыналъэ администрацэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зэгурыІуэныгъэ 58-рэ едухьылIащ. КъБР-м и Іэтащхьэм и унафэкIэ щIыналъэ администрацэхэм щагъэбелджылащ фондым дэлажьэ Іэщагъэлі Іэнатіэр. Абы щыхуэхэмрэ къалэхэмрэ щIэк-щIэхьэмрэ зэІуцIэ щыдогъэгъэкIуэкI. Фондым щолажьэ МФЦ-м и Іэщагъэлі Іэр. Я Іэнатіэр дя деж щыдгъэбелджылащ зыкъыхуэзыгъазэхэм ди Іуэхущапіэм абы и Іуэхутхьэбзэ псори тыншу хуэзфIахьнапІэ. Фондым и щIыналъэ къудамэм щолажьэ психолог. Абы дзэ Іуэху хэхам къикIыжьхэр куэдрэ хуэныкъуэ мэхъу. СВО-м хэтхэмрэ ветеранхэмрэ медицинэ Іуэхутхьэбзэ хуэщIэнырэ фондым и кьалэн нэхъыщIэхэм ящыщщ. Абы хеубыдэ сымаджжэхэр санаторэ гъэкIуэным медико-социальнэ экспертизэ егъэкIуэкIынри. КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Кьалэбэтэ Рустам и унафэкIэ республикэм и районхэм щыІэ сымаджащэм я унафащIэхэм я кьуэдзэ кьулыкъу щагъэбелджылащ СВО-м пыщIахэм медицинэ Іуэхутхьэбзэ етыным кIэлъыплъыну я кьалэн. Санаторэхэмрэ курортхэмрэ я гугъу пщымэ, илъэс кIуам «Грушёвая роща» зыгъэпсэхупIэм щыІащ дзэ Іуэху хэхам и ветерану, СВО-м хэкIуадахэм я унагъуэхэм ящыщу цIыху 40, - жиІащ Дадэм. Абы жэуап иратащ экспертхэр зыщIэупщIам.

ЗэІущIэм щыжиІахэр кьыщащпцIэжьым, щхьэхуэу ягъэбелджылащ мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Дыззкъуэту

Дзэ Іуэху хэхам зыщIагъакъуэ

«Куэд зыгъащIэ куэд елъагъу» жеІэ адыгэ псалъэжьым. Гуапэуи гуауэуи уи нэгу щIэкIынкIэ хъунум и пщалъэщ ар. Ягъэрей зэманым, зауэ, абы нужь лъэхъэнэхэм хэпсэукIа, абы зи сабийгъуэр ирихьэлIа цIыхухэр гугъуехьу зыІууам хуэдиз, ди кьасым къырихьэкIри, тлъэгъуакъым. Мис апхуэдэ гъащIэ хьэлъэ къэзыгъэщIахэр, и ныбжьи, и къулыкъуи, и щIэныгъи емыльытауэ, махуэ къэс жьхуаІэм хуэдэу, дгъэлъэпIэн хуейуэ си щхьэкIэ зысщоужь. Я Іэпкьлъапкъки псэкIи яхьа хьэлъэм и уасэщ ди псалъэ гуапэр, абыхэм пщIэрэ фIыщIэу яхуэтщIыр. Си гугъу сщIыхэм ящыщ зыщ мы махуэхэм си илъэс 90 ныбжьыр зыхуагъэлъэпIа нэхъыжьыфI, Урыху кьуажэм щыщ Битокъу (Бищіо) Латкэ.

ЛАТКЭ Хьэтуей кьуажэм 1934 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м кьыщалъхуащ. И адэ Бищіо Хьэжумар зауэм дашри, а зэман бзаджэм хиубыда адрей сабийхэми хуэдэу, гугъущэ ехьащ. Анэм и закъуэу зэщIилIащ кьыкуэна и бынхэр, зауэр иухьу илъэс зыбжанэ дкIыжьа иужьыу Хьэжумар и уасэм я кьыщекIуэлIажар. Абы иужькIэ Латкэ школым щIэтIысхьэри хъарэзынэу еджащ, классий кьиухащ. Налшык еджапІэ кIуэн и гугъат, аращхьэкIэ пхъу закъуэр и адэм иутIыпщыфакъым. Колхозым учётчикыу ягъэуври ехьулIэныгъэхэр иІэу, газетхэм бзылъхьгъэ цIыкIуэ теухуа фIыщIэ тхыгъэхэр кьытрадзэу лэжьащ. Я насыпэ зэхъунти, Урыху жьлэм щыщ Битокъу Хьэрун ирагъэцIыхури зэрышащэ, зэгурыІуэ зэдзэІуэжу, зым Іэпыхьр адрейм кьищтэжу зэдзэпсэуащ, бынихи зэдапІащ. Иджыпсту жьыщхьэ махуэу и щIэблэм яхэсщ Латкэ, къуэрыІухъу-пхъурыІухъу 15, абыхэм кьалъхужауэ 34-рэ иІэщ.

- Зыми драгъэхъуэпсакъым, дагъэмэжэлIакъым, шхынкIи, щыгъынкIи а зэманым щыІам я нэхъыфIыр дгъэтащ. Ар дз тщымыгъупщам и закъуэкъым, ди ныбжьыр нэхъ зэкIуэтэху абы кьыгъуащIэфар нэхъри дгъэщIагъуэу апхуэдэщ, - жаІэ Латкэ ипхъуэм. - Зы дгъэхурэ зэшыпхъутхурэ дохъури, мамэ ди дзэлхум бгъэдэсщ, щэ и уасэу зы уэстын жьхуаІэм хуэдэщ ди анэхъиІтхури абы и щхьэгъуэсэ ди нысэри. Абыхэм нысэ, кьуэрыІтхъу щыкIуиті яІэжу абыхэм ябгъэдэсщ. Илъэс 90 ныбжьыр мыбдеж щыІэкъым, мамэ иджыпсту нэхъ я кьаруншэ хъуащ, дзэпэпкъэгъэу хуейщи, анагъуэм щIэсхэм кьаззрытедмыгъэхьэлъэным, зыр зым дызэрыпІэбэнным яужь дитщ. Жэщи махуи губгъуэм иту, гугъу ехьу дызэрапІар, кьытхэщIар тщымыгъупщэу зыхуей хуэдгъэзэжьыну ди кьалэнщ, тхьэм и фIыщIкIэ ди кьару кьехьри, тхуэзэфIэкI кьэдгъэнэнукъым.

Дз дызэрипІам нэмыщIыжкIэ, ди бынхэр кьыщыщхъуащ ди дыщым. Гъэмахуэ хьэвэ, дадэ-нанэм я деж зэрыкIуэжьын Іуэхут зэрахуэр. Сабийр кьыпхъуэзэпцIанукъым, ахэр дамыхьэхтэмэ, зыхуей хуамыгъаззэтэмэ, кьыхуэмыбзэІэфIтэмэ кIуэну зэремыІэнутэм шэч хэльтэжьым.

Латкэ и гулъытэ зыпІысыр и бынхэмрэ абыхэм кьалъхужакэмрэ я закъуэтэкъым. И дэлъху бынхэр зыпимыІэу фIыуэ и илъагъурт. ноБэми яхуэгумащIэщ. И псалъэ дахэмрэ и щытыкIэмкIэ апхуэдизкIэ кьыдихьэхырти, Битокъуэх икIыну хуейтэкъым. Зы пщыпхъу закъуэ иІэт, Хьэтуей, Тэрчокъуэхэ я нысэуи, абы и бын цIыкIуэхри кьакIуэрт. Хьэузэсэгъуэт а гупым уахэплъэну, зыгуэркIэ гугъу ядеІэу кьытехьэлъэуи Латкэ зэи зыкъыуиІущIэ зэрэгъэкъым. ЖьпІэнурамэ, хэт и дежи нэсу, и кьару ежьмэ, псоми ятеубгъуауэ кьекIуэкIащ бзылъхугъэ щыпкъэр. Гуапэр Латкэ и гулъытэ зыпІысса зы цIыхум ар зэрыщымгъупщагащ, абы и цIэр я псальэитIым яІу зэрыщытырц. Хьыджэбзэкъм кьыізэрыхагъэщащэ, и кьарур машIэ хъуями, и щхьэр кьабзэщ, и псалъэр дахэщи, зыщIымыгъэнщI сабийжэр кьыддзэхьхьэх Латкэ и бынхэр и жьауэм куэд дыдэрэ щIэтыну тхьэм жиІэ!

- Гъэмахуэ зыгъэнсхуэгъуэр кьэсамэ, дызэрыпхуэзубыдын щыІэтэкъым. Нанэрэ дадэрэ дунейм тетыр кьыщыпхуащIэкIэ анэшмыкIэ уеІэнтэкъэ?! - жеІэ Латкэ и пхъурыпхъу нэхъыжь Зухра, адрей и дэлъху-и щыпхъу псоми кьабгъэдэкIыу. - Латкэ-нанэ зыхуэмыварэзым хуэдэкъым - дызыхуейр кьытхуищIэу, щапхъэ дахэ тхуэхъу и жьауэм дыщIэтщи, мы дунейм фIыуэ щыІэр кьыбгъэдылъхьану ди гуапэщ. Аляхьмэ псалъэу кьритыж дэ абы дызэригъэгушхуэр. Апхуэдизкіэ цIыху губзыгъэщ, Іущщи, хужьитIэну дызыхуей псор псалъэм кьытхуигъэтIасэркъым. Нэхъыжьи нэхъыщIи абы гулъытэ зыхуимыщI щыІэкъым. Хьуэжэм укIуэжамэ, укъыдигъэкIыжынкIэ Іэмал иІэкъым зыгуэр кьыпІэщIымылъхьауэ. Псом щхьэкIи и гур пичу, кьытхуищIэмрэ дигъэшхымрэ фIэмащIэу дунейм тетщи, щIэгуэзвэн имылъагъуу ди япэ куэдрэ тхьэм иригъэт. Гъэсэныгъэшхуэ кьытхилъхьащ нанэ, кьекIуэмрэ кьемызэгъэмрэ, дахэмрэ щыкIеймрэ кьыдгуриІэйуэ кьекIуэкIащ. ПщIэ иІэу дунейм тетщ, щыкIунитIэхэм деж щыщIадзауэ фIыуэ кьызымылъагъу щыІэу си фIэщ хуэркъым. Дыхуэзарэзыщ! Абы и жьІэр тIу зымыщ и нысэм, ди анэ дэлъхум и щхьэгъусэ Ирз щхьэхуэм фIыщIэ хуэтщIыну хуэфащэщ. Дэ кьомыр дызэхуэсыжа иужь, дэтхэнэ гулъытэ кьытхуищIу, зыгуэрхэр кьытхуищэхуу, щIэщыгъуэ тхуипщэфIу, дыкьытехьэлъэу зыкъыдимыгъащIэу пщIантIэм дэсщи, и унагъуэкIи и щхьэкIиefIэкIуэну, зиузэщIыну ди гуапэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Жьыщхьэ махуэ

Зи гулъытэ псоми ялъыс

«Куэд зыгъащIэ куэд елъагъу» жеІэ адыгэ псалъэжьым. Гуапэуи гуауэуи уи нэгу щIэкIынкIэ хъунум и пщалъэщ ар. Ягъэрей зэманым, зауэ, абы нужь лъэхъэнэхэм хэпсэукIа, абы зи сабийгъуэр ирихьэлIа цIыхухэр гугъуехьу зыІууам хуэдиз, ди кьасым къырихьэкIри, тлъэгъуакъым. Мис апхуэдэ гъащIэ хьэлъэ къэзыгъэщIахэр, и ныбжьи, и къулыкъуи, и щIэныгъи емыльытауэ, махуэ къэс жьхуаІэм хуэдэу, дгъэлъэпIэн хуейуэ си щхьэкIэ зысщоужь. Я Іэпкьлъапкъки псэкIи яхьа хьэлъэм и уасэщ ди псалъэ гуапэр, абыхэм пщIэрэ фIыщIэу яхуэтщIыр. Си гугъу сщIыхэм ящыщ зыщ мы махуэхэм си илъэс 90 ныбжьыр зыхуагъэлъэпIа нэхъыжьыфI, Урыху кьуажэм щыщ Битокъу (Бищіо) Латкэ.

ЛАТКЭ Хьэтуей кьуажэм 1934 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м кьыщалъхуащ. И адэ Бищіо Хьэжумар зауэм дашри, а зэман бзаджэм хиубыда адрей сабийхэми хуэдэу, гугъущэ ехьащ. Анэм и закъуэу зэщIилIащ кьыкуэна и бынхэр, зауэр иухьу илъэс зыбжанэ дкIыжьа иужьыу Хьэжумар и уасэм я кьыщекIуэлIажар. Абы иужькIэ Латкэ школым щIэтIысхьэри хъарэзынэу еджащ, классий кьиухащ. Налшык еджапІэ кIуэн и гугъат, аращхьэкIэ пхъу закъуэр и адэм иутIыпщыфакъым. Колхозым учётчикыу ягъэуври ехьулIэныгъэхэр иІэу, газетхэм бзылъхьгъэ цIыкIуэ теухуа фIыщIэ тхыгъэхэр кьытрадзэу лэжьащ. Я насыпэ зэхъунти, Урыху жьлэм щыщ Битокъу Хьэрун ирагъэцIыхури зэрышащэ, зэгурыІуэ зэдзэІуэжу, зым Іэпыхьр адрейм кьищтэжу зэдзэпсэуащ, бынихи зэдапІащ. Иджыпсту жьыщхьэ махуэу и щIэблэм яхэсщ Латкэ, къуэрыІухъу-пхъурыІухъу 15, абыхэм кьалъхужауэ 34-рэ иІэщ.

- Зыми драгъэхъуэпсакъым, дагъэмэжэлIакъым, шхынкIи, щыгъынкIи а зэманым щыІам я нэхъыфIыр дгъэтащ. Ар дз тщымыгъупщам и закъуэкъым, ди ныбжьыр нэхъ зэкIуэтэху абы кьыгъуащIэфар нэхъри дгъэщIагъуэу апхуэдэщ, - жаІэ Латкэ ипхъуэм. - Зы дгъэхурэ зэшыпхъутхурэ дохъури, мамэ ди дзэлхум бгъэдэсщ, щэ и уасэу зы уэстын жьхуаІэм хуэдэщ ди анэхъиІтхури абы и щхьэгъусэ ди нысэри. Абыхэм нысэ, кьуэрыІтхъу щыкIуиті яІэжу абыхэм ябгъэдэсщ. Илъэс 90 ныбжьыр мыбдеж щыІэкъым, мамэ иджыпсту нэхъ я кьаруншэ хъуащ, дзэпэпкъэгъэу хуейщи, анагъуэм щIэсхэм кьаззрытедмыгъэхьэлъэным, зыр зым дызэрыпІэбэнным яужь дитщ. Жэщи махуи губгъуэм иту, гугъу ехьу дызэрапІар, кьытхэщIар тщымыгъупщэу зыхуей хуэдгъэзэжьыну ди кьалэнщ, тхьэм и фIыщIкIэ ди кьару кьехьри, тхуэзэфIэкI кьэдгъэнэнукъым.

Дз дызэрипІам нэмыщIыжкIэ, ди бынхэр кьыщыщхъуащ ди дыщым. Гъэмахуэ хьэвэ, дадэ-нанэм я деж зэрыкIуэжьын Іуэхут зэрахуэр. Сабийр кьыпхъуэзэпцIанукъым, ахэр дамыхьэхтэмэ, зыхуей хуамыгъаззэтэмэ, кьыхуэмыбзэІэфIтэмэ кIуэну зэремыІэнутэм шэч хэльтэжьым.

Латкэ и гулъытэ зыпІысыр и бынхэмрэ абыхэм кьалъхужакэмрэ я закъуэтэкъым. И дэлъху бынхэр зыпимыІэу фIыуэ и илъагъурт. ноБэми яхуэгумащIэщ. И псалъэ дахэмрэ и щытыкIэмкIэ апхуэдизкIэ кьыдихьэхырти, Битокъуэх икIыну хуейтэкъым. Зы пщыпхъу закъуэ иІэт, Хьэтуей, Тэрчокъуэхэ я нысэуи, абы и бын цIыкIуэхри кьакIуэрт. Хьэузэсэгъуэт а гупым уахэплъэну, зыгуэркIэ гугъу ядеІэу кьытехьэлъэуи Латкэ зэи зыкъыуиІущIэ зэрэгъэкъым. ЖьпІэнурамэ, хэт и дежи нэсу, и кьару ежьмэ, псоми ятеубгъуауэ кьекIуэкIащ бзылъхугъэ щыпкъэр. Гуапэр Латкэ и гулъытэ зыпІысса зы цIыхум ар зэрыщымгъупщагащ, абы и щIэр я псальэитIым яІу зэрыщытырц. Хьыджэбзэкъм кьыізэрыхагъэщащэ, и кьарур машIэ хъуями, и щхьэр кьабзэщ, и псалъэр дахэщи, зыщIымыгъэнщI сабийжэр кьыддзэхьхьэх Латкэ и бынхэр и жьауэм куэд дыдэрэ щIэтыну тхьэм жиІэ!

- Гъэмахуэ зыгъэнсхуэгъуэр кьэсамэ, дызэрыпхуэзубыдын щыІэтэкъым. Нанэрэ дадэрэ дунейм тетыр кьыщыпхуащIэкIэ анэшмыкIэ уеІэнтэкъэ?! - жеІэ Латкэ и пхъурыпхъу нэхъыжь Зухра, адрей и дэлъху-и щыпхъу псоми кьабгъэдэкIыу. - Латкэ-нанэ зыхуэмыварэзым хуэдэкъым - дызыхуейр кьытхуищIэу, щапхъэ дахэ тхуэхъу и жьауэм дыщIэтщи, мы дунейм фIыуэ щыІэр кьыбгъэдылъхьану ди гуапэщ. Аляхьмэ псалъэу кьритыж дэ абы дызэригъэгушхуэр. Апхуэдизкіэ цIыху губз

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Мазэри я напщІэ телът...

● Гъэщэгъэунщ

ЦІыхум зыщыпсэу ЩІыр зэрыхуримыкъужрэ куэд щІащ. Пэжщ, зэкІэ нэсыфыркъым, ауэ кІэи псэ зимыІэ хьэршым хуоІэ, и лъэр абы щигъэбжьну мураду зыхуиргъэувыжащ. Ауэ яку дэлъ зэгурымыІуэныгъэхэм я зэранкІэ къэрал нэхъ лъэщхэм я къарур мыбдеж щызэщІагъэуІуэркъым: дэтхэнэри хущІокъу езым нэхъыбэ щызэриргъэхъулІэну, апхуэдэу щыщІыткІэ, нэхъ фейдэшхуэ щызыІэригъэхьэну. ЖытІам и щапхъэ закъуэщ 1963 гъэм, США-м и президент Кеннеди Джон ауКІыным куэд имыІэжу, СССР-м и Іэтащхьэ Хрущев Никитэ абы зэгъэсу Мазэм щІыхуэхэр ягъэлъэтэну хуигъэлъэгъуауэ зэрыщІтар. Модрейм идакъым зи гугъу тщІы щхьэусыгъуэм къыжкІыну. Ауэ, къызэрыщІэкІымкІэ, ар япэ жэрдэмтэкъым.

ИДЖЫБЛАГЪЭ тхыдэдж языныкъуэхэм къатІэщІыжащ гъэщІэгъуэн. 1945 гъэм и гъэмахуэм Потсдам щекІуэкІа зэІуданІэм Совет Союзым и Унафэщі Сталин Иосиф Америкэм и Штат Зэгъэтхэм я президент Трумэн Гаррирэ Инджылызым и премьер-министр Черчилль Уинстонрэ щажриІащ Мазэр ягъэушын хуейуэ. Трумэн къыщыхъуащ абы и псалъэхэр мытэмэму зэрадзэкІауэ: «Къысхуэгъэгъу, зиусхьэн Сталин, уэ зи гугъу пщІыр Германиер гуэшыныр арауэ къыщІэкІынщ». АрщхьэкІэ, и лулэмкІэ жьэдиша Іугъуэр къыжьэдигъэури, Сталиным гурыІуэгъуэу жиІащ: «Мазэрщ. Германием теухуауэ дэ дызэгурыІуэкІащ. Сэ зи гугъу сщІыр Мазэрщ. ИкІи зэвгъащІэ, зиусхьэн президент, мыбдеж дэ щыдгІэ ефІэкІынигъэр къызэрыгъэпэсугъэуну зэфІэкІ Совет Союзым зэрыбгъэдэлъыр».

Трумэни, Черчилли Сталиным зы жэуапи къратакъым, мы Іуэхур яджьин зэрыхуейр икІи ар зэІуцІэр зытеухуам зэращымыщыр тегъэщІапІэ ящІри.

Тхыдэджхэм къалъытэ Сталинир абы щыгъуэ мыгъушІауэ. Абы къигъэлъэгъуат хьэршыр къэгъэІурыщІынэм теухуа программэ СССР-м зэрилэр икІи мыбдеж пэрыт увыпІэ щимубдыну зэрыхуІэкъур.

Мы хъыбарым зы «ауэ» хэлъщ: Сталиным и апхуэдэ жэрдэмыр къызыхэщ зы дэфтэри зы щІыпІи къыщагъуэтакъым. КъэхутакІуэхэм зытращІыхьыр зэІуцІэм щыІахэм къаІуэтэжхэрэщ. Абыхэм ящыщ зыщ абы тэрмэшу щылэжьа икІи мы псалъэмакъыр «Хиросимэ ипэкІэ Потсдам щыІащ» и тхылъым къыщызыхьа американ тхыдэдж Майлин Роберт. АрщхьэкІэ язныкъуэ тхыдэджхэм къалъытэ ар американ президентым имыгъусэхэу, уеблэмэ, апхуэдэ цІыхур нэпцІу американ журналист хьилэшыхэм къагупсысаущ.

Урысей Іэщ1агъэлІэхэм я ґуаэзэр совет тІасхъэщІэх икІи зэдзэкІакІуэ Зарубинэ Зое и псалъэхэрщ... Ар Сталиным игъусащ Трумэни Черчилли яхуэзэху икІи епсэлъэху. Ауэ, шынагъэншагъэмкІэ Іэнатіэм и лжьакІуэхэм я хьэлым тету, бзэ быдэти, ари мы Іуэхум тепсэлъыхьажакъым. Пізн ґынэгъу хьуауэ (ар и ныбжьыр илъэс 88-м ityу 2009 гъэм дунейм ехыжащ) и Іыхьлы гъэрыам ар хуиІуэтэжа къудейр. Мыдрейрщ а хъыбарыр журналистхэм яльэзыгъэІэсар. Зэрыгтлъагъущи, Іуэрыіуэтэжу къокІуэкІ.

Ауэ нэгъуэщІ зы лъэныкъуэкІэ убгъэдыхьэмэ, апхуэдэ псалъэмакъ щыІауэ уи фІэщ пщІы хъунущ. ЖыпІэну ирикъунщ мыгувэу, 1946 гъэм накъыгъэм и 13-м, реактивнэ техникэмкІэ комитет хэха, апхуэдэу а Іуэхум хуэлажьэ щІэныгъэкъэхуакІуэ институтхэмрэ конструктор бюрохэмрэ къызэІуихыным теухуа унафэщ щху СССР-м и Министрхэм я Совет къызэриштар. Абыхэм яхэтащ ефажгъэшхуэ акъыльфІэ дыдэ Королев Сергей зи пашэ КБ-ри. 1947 гъэм и жэпуэгъуэм аутІыпщащ апэ совет баллист ракетэр (Р-1). Километр 86-кІэ дэлъэтейри, абы километр 247-рэ икІуащ.

Іуэхум куууэ хэзыщІыкІ, хьэршым ягъэІалъатэ Іэмэпсымэхэр куэдрэ зыгъэунэхуа Понамарев Геннадий и псалъэхэм ятеплъыкъмэ. Потсдам кІуэн и пэкІэ Сталиным иратауэ щытащ къуентхъуэ къаІэрыхьа техникэр зэхуэхьэсыныкмкІэ икІи джыныкмкІэ комиссэм къыхуитхэкр. Абы хэтхэр щэсІпІэ иувэрт космос ракетэхэр щыкІуэм икІэщІпІэкІэ щІадзэныр къызэзыгъэпэщыфыну щІэныгъэ-лэжьыгъэ лъэщагъ СССР-м зэрыбгъэдэлъымкІэ. Аращи, Сталиным и псалъэхэр уафэм къехуэхакъым. Абы и псалъэгъуэм я дежи нигъэсса куэдейщ хьэршыр къигъэІурыщІну ди къэралым мурад быдэ зэриІэр.

Мыбы ехьэлІауэ нэгъуэщІ зыи уигу къэмыкІынкІэ Іэмал иІэкъым. Апхуэдэу хуэщи, СССР-м и цІыху Гагарин Юрий хьэршым апэу зэрыльтэар Хрущев Никитэ и цІэм къыгуэхьпІэ имыІэу ирапх. Шэч хэмылъу, абы зыхуэи быдэр ищІэну лъэкІынигъэ къэзытари а ехьуІэныгъэ ин быдэрщ. Ауэ хэт ар зи фІыщІэр? Ди гугъэщ хэт и дежкІи гурыІуэгъэу: 1957 гъэм и жэпуэгъуэм ЩІым и апэ спутник Іэрыщ1 зэрауатыпщами, 1961 гъэм мэлыжьхым и 12-м апэу цІыху зэрагъэльэтами, уэгу жьыкъэр къэгъэІурыщІэныкмкІэ къахьа нэгъуэщІ ехъуІэныгъэ инхэми и лъабжьэр щагъэтыльтар нэхъ пасэущ, щхьэтечу жьпІэмэ. Сталиным и лъэхъэнэрщ. Сыт хуэдизу иужькІэ (иджыри) хамыутами, гущІэгъуншэу, къызэІуну къыщІрамыгъэдзами, абы езыр зи унафэщІ къэралым и сэфэн зыхэлъхэмрэ и къэкІуэнымрэ апэ зыри иригъэщакъым.

Аращ зи гугъу тщІа жэрдэмым дигу къигъэкІыжар.

Пэжымрэ пцІымрэ

Дызэрыт мазэм илъэс 80 ирикъуащ «етІуанэ фронту» тхыдэм хыхьар къызэрызэІуахрэ: 1944 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м Инджылызымрэ США-мрэ я дзэхэр Франджым и апщэ лъэныкъуэм щитІысыкІри, нэмыщІ фашист зэрыпІхьуакІуэхэм апэщІэуващ. СССР-ми иужькІэ Урысейми зэи щыщІауфакъым ар бий хьэкІэжхъуэкІэр хэгъэщІэным и Іуэхум хуащІа хэлъхьэныгъэу зэрыщытыр. Абы и фІыгъэкІэ зауэр нэхъ псынщІэу ихуащ, хэкІуэдэну щыта совет зауэлІ минхэр къелащ. Апхуэдэуи къокІуэкІ, арщхьакІэ «КъухьэпІэ зэкъуэтым» а къэралитІым Гитлер и бгыр зэращІыкІыу Совет Союзэри хэту Европэ псор хуит къащІыжа хуэдэу щыжаІэхэр апхуэдизкІэ нэмыкІытагъэщІ, уэзгъэмыпынкІэ Іэмал иІэкъым: ардыдэмкІэ хъыдэм хатхыкІыж бий бздаджэм и удынэр нэхъ хьэлъэу зытещІа, ауэ итІани къарульэщ къызыкъуэзыхьыж, къэралхэр гъэрыпІэм къришыжурэ Берлин къэзыща ди дзэм къихьа ТекІуэныгъэ Иныр. Абы щыгъуэми, уи акъыл къимытІэсэну пцІы яупсурэ. АрщхьэкІэ дуней псом илъэгъуа пэжыр яхущІэуфэнукъым, сыт хуэдэ шыпсэ къаугупсыми.

ПСОМ япэрэ, девгъэпІыкІ, «етІуанэ фронтыр» къыщызэІуаха «Мэкъуауэгъуэм и 6-р» зыхуэзэм. 1944 гъэрщ! А зэманым ирихьэлІэу СССР-м езым и щІыналъэр къанэ щІагъуэ щымыІэу хуит къищІыжакІэт. Хэт и дежкІи гурыІуэгъуэт ар фІэкІыпІэ имыІэу зэрыстекІуэнур. Дауи, абы шэч къыщІтрахьэртэжъым дэ ди лъэныкъуэ США-мрэ Инджылызымрэ. ИкІи гузавэрт зэрыщыту Европэр Совет Союзым и жьауэм щІэувэнкІэ. Ар, псалъэм и хьэтыркІэ, хольагъуэ Америкэм и Штат Зэгъэтхэм я президент Рузвельт Франклин «Европэр совет Союзым зэрыхуэкІуэм» теухуауэ жиІаxэм. АдэкІэ загъэзгъэзмэ, текІуэхэм къалъысхэм зэкІыжьнут. ИкІи хунэсащ: «етІуанэ фронтым» и фІыгъэкІэ фашист Германиери абы и щІыхьэр Берлини ІыхьиплІу ягуэшащ.

Гугъуэхьышхуэ зытелъ СССР-м и Іэтащхьэ Сталин Иосиф куэд щІауэ кІиргъуэвырт «етІуанэ фронтыр» къызэІуахыну. Къагъэгугъэрт, ауэ зралъэфыхьырт. Къыткъэрт къэралхэм къалъхьуэр зэщІынчъэ мащІэкІэ фейдэшхуэ къызэрахьынут. ЯпэщІыкІэ Великобританиеми и премьер-министр Черчилль Уинстон къыхилъхьащ а «етІуанэ фронтыр» Балканхэм къыщызэІуахыну. Абы зауэм и хьэлъэр СССР-м щхьэщхыр-тэкъым. 1943 гъэм СССР-м, Инджылызым, США-м я унафэщІхэм Тегеран щрагъэкІуэкІа конференцым, Рузвельт и телъхъэ къищІри, Сталиным щагирэщІащ абыхэм я дзэхэр Франджым и апщэ лъэныкъуэм щагъэзэтІысыкІыну. АрщхьэкІэ зралъэфыхьу, «етІуанэ фронтыр» къыщызэІуахыну пІалъэр ягъэІэрихьэу хуежьащ. Абыхэм я политикэр къызэрыгуэкІт: лІэн-къэнэну ззэауэ лъэныкъуитІым хэщІыныгъэ нэхьыбэ ягъуэтынут, итІанэ езыхэр хьарууущІэкІэ «зэрызехьэм» хьихьэнут. Американ сенатор Трумэн Гарри щІиуфэххэртэжъым: «Германиер текІуэмэ, СССР-м дыдэІэпыкъунщ, ауэ СССР-р текІуэу хуежьэмэ, Германием зыщІэдгъэкъуэнщ». А напэнэшэм и дежкІэ, сабийхэри лІыжь-фызыжьхэри яхэту, цІыху мелуанхэм я гъащІэр зыри и уасэтэжьым. Ар наІуэ я хьщІащ Рузвельт Франклин Іуэхуу (ар зэрауклам шэч кІэтрахъэркъым тхыдэдж куэдым) США-м и президент Трумэн Гарри хъуа иужь 1945 гъэм шыщхьэуІуи и 6-м, и 9-м Японием и къалэ мамырхэу Хиросимэр Нагасакиэр атом бомбэхэмкІэ абы и унафэкІэ зэреуам.

Сыт щыгъуи хуэдэу, хьэгъэщагъэ хамылъхьэни яхуэзэфІэкІакъым: «КІэух дыдэу» «етІуанэ фронтыр» 1944 гъэм и гъатхэм къызэІуахыну быдэу къагъэгугъати, зэрыгтлъагъущи, мазитІкІэ ягъэгуващ. Дэтхэнэ сыхьэтри щыІэпэшэча зауэ гущІэгъуншэ щекІуэкІкІэ мазитІым яІэ мыхьэнэр зыхуэдизыр зыми гурыгъэІуэн хуейкъым.

Абы лъандэрэ псы куэд ежэхащ, дунейм зихуэмыжащ къыпхуэмыцІыхуэжыну. Иджы США-р зи пашэ КъухьэпІэр хущІокъу ЕтІуанэ дунейпсо зауэм иужькІэ зэфІэува щытыкІэр зэрахъуэкІыну. Совет Союзыр лъэпэжьа иужь пэрыуэнэшэу тепщэ хуэу Америкэм и Штат Зэгъэтхэр щІобэн псоми я унафэм щІигъэтыну. Ауэ ар абы и дежкІэ кІуэ пэтми нэхъ гугъу мэхъу. Щэрапхъэм зауэ, ахэр хуейщ езыхэм нэхъ къезэгъыну къальытэжэм тету псэуну. Абыхэм я дежкІэ щапхъэщ сыт хуэдэ текъуэзэныгъэми пимыкІуэт Урысейр. Ар дагуэн икІи хаутэн папщІэ США-ми абы и Іупфэгъуэхэми къагъасэбэл сыт хуэдэ Іэмалри. Тхыдэм и пэжыр зэрызэрахьэкІри абыхэм ящыщ зыщ. АрщхьэкІэ къехъулІэнукъым.

Захуагъэ. Сыту псалъэ дахэ ар!

● ЗэхъуэкІыныгъэхэр

Зэманыр псынщІэу макІуэ. Абы декІуу ди псэукІэм къыщюхьу зэхъуэкІыныгъэхэр. Нэхъыщхьэраш, зэгуэр Іэщ1ыб ящІу щыта захуагъэр ди гъащІэм къыхохьэж. Мыбдеж япэу зи гугъу щытщІын хуейри налогэр зэрыттыну хабзэщІэрщ.

СЫТ езыр зищысыр налогыр? Дэ дощІэ ди улахуэхэм процент 13 къыдэкІыщІыхьэу зэрыхагъэкІыр. Ар сом мелуаным ныэзэрыхьэсми, сом мин 10-м щІимыгъуми. Псори зэхуэдэщ. Ауэ апхуэдэ «зэхуэгъэдэныгъэм» захуагъэ зэрыхэмылъыр куэд щІауэ жаІэ. Налогыр цІыхум къыІэрыхьэ хэхъуэр зыхуэдизым тещІыхьэуэ щытын хуейщ. Нэхъыбэ зэІэрыхьэм нэхъыбэ ет - а хабзэр щІэзоКІуэ къэрал куэдым. Коммунистхэм бжьыпэр щаІыгъ Китаим ар процент 45-м щынос, Америкэм и Штат Зэгъэтхэми щымащІэкъым - процент 37-м.

Дэ ди дежи прогрессивнэ налогым - аращ а хабзэм зэреджэр - щыхуэкІуауэ щытащ 1990 гъэхэм я кІэухым, арщхьэкІэ 2001 гъэм Іуагъэ кІуэтэжат, къемызэгъыу къальытэри. И щхьэусыгъэри зыщ: ахъшэ куэдыІуэ ягъэпщкІу, къэралым ираш хъуат. ИкІи щытыкІэр зэрыдэти, ахэр пхуэгъэувыІэнутэкъым. БлэкІа зэманэм политикэ парт зэмылІэужьыгъуэ, еджагъэшхуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ куэдым къагъэувырт захуагъэм и гъуэгум техьэжыну, арщхьэкІэ ищхьэ я ядатэкъым: «МыпІыку зиІэхэм къагъуэтынущ налогхэм зэрызыпыІуадзыну Іэмалхэр». Ар икІи пэжт: блэкІа лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм къэралым щекІуэкІа хьэдэгъуэ-дахэхэм я Іэужьхэр иджыри куууэ ди гъащІэм хэтт, КхуьхэпІэм, псом хуэмыдэу Инджылызым, и бжэхэр зэІухэти, къэнэхуа олигархэм Пондон щхьэгъэззыпІэ ящІауэ ауанащу «Лондонгрэ» фащат. Иджы щытыкІэр абы щыгъуэ щыІам куэдкІэ ещхьыжкъым. Европэм и щыІ6 къишъэза иужь ахъшэ здэпшэ хъунухэр хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ хъуащ, дэ дольагъу Іупхъэм, мыпІыку зэІулъэпІэным я бий бзэнэмгъэр зэрызэщІэпльэр. ЕтІуанэраду, егупсысащ налогкІэ ятхъэлэмэ, къэхъункІэ хъунум.

Пэжу, зи гугъу тщІы хабзэр щІэ дыдэуи щыткъым. 2021 гъэм къыщыщІэдзауэ зы илъэсым сом мелуани 5-м щІигъу къэзылэжьым и налогыр процент 15 мэхъу. Иджы УФ-м ФинансхэмкІэ и министерствэм къыжьэІуэ абы нэхъри зрагъэуфГыну. И теплъэр зэрыщытынри къигъэнэІуащ.

Зы илъэсым сом мелуани 2,4-м нэс къэзыхьыж налогыу итхуэну процент 13-щ (зэрыщытауэ къонэж).

Сом мелуани 2,4-м къыщегъэжьауэ 5-м нэс къэзылъхьым - процент 15.

Сом мелуани 5 - 20 къэзылэжьым - процент 18.

Сом мелуан 20-м къыщыщІэдзауэ 50-м нэс тохьэ - процент 20.

Сом мелуан 50-м нэхърэ нэхъыбэм - процент 22-рэ.

Ди къэралым щыкъуэкъым апхуэдизэ къэзылэжьхэр. КъызэрабжамкІэ, псори зэхэту лэжьакІуэ мелуан 64-м щыщу мелуанитІ къыдейрщ налог зэрат хабзэщІэр зыжьэхэуэнур (аэрашц зи улахуэр зы илъэсым сом мелуани 2,4-м щІигъур).

Мыри зэгъэщІапхъэщ: улахуэшхуэ зыІэрыхьэхэми налог хэІэтыкІэ зытралъхьэнур зы мазэм сом мелуани лъагъуэмкІэ, зауэлІхэм я сымаджэщу Ленинград а зэманым дэтхэмэ ящыщ зым Белорожь Бийсостэн щІэхуэри 1945 гъэм накъыгъэм и 24 пщІондэ и узынщагъэр щызэрагъуэвэжу щІэльащ. 1945 гъэм шышхьэуІум къыщыщІэдзауэ Бетрожьыр яхэтащ КъуэкІыпІэ Жьажьэмкі Японием пащІэт ди зауэлІхэм.

Суворовым и орденыр зэзыхэ, Краснознаменнэ Запорожскэ-Хинганскэ 203-нэ фочауэ дивизэм щыщу, Хмельницкий Богдан и цІэкІэ щыІэ орденыр зезыхьэ 610-нэ фочауэ полкым и Іэтащхьэм (командирым) 1945 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, Бетрожь Бийсостэн «И хахуагъэм папщІэ» («За отвагу») медалыр къратащ. Ар къэкІуащ, дыщІагъуа тхыгъэм къыззэрыхэщыжьмкІэ, «Монголиерэ Маньчжуриемрэ псы здэщымыІэ я губгъуэшэкъракъхэм 1945 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м кьыщегъэжьауэ фочІадзм и 1 хъуэу, сыт хуэдизу гугъу щехьами, зекІуэ ґыэгуаэнэм гупыр зэрыщІзекІуа маХуэ бжьыгъэм ящІрибубзуэ щыхэм набдзэгубдзапІзэу зэрыкІэпыплъам, ахэр зыхуэят зэрыхуигъэзам, дзэм хуэгъэпса Іэмэпсымэхэри ящІыгъуу, кІэрыху ямыІэу, здыжьэсыпхъэм и чэзум зэрынигъэсам». Зи гугъу тщІы медалымрэ абы дыщІагъуа тхылъымрэ Бийсостэн къыщратыжар 1948 гъэм фочІадзм и 2-рэ.

Зэрихьа лІыгъэм пэкІуэу

Бетрожь Бийсостэн Хэку зауэшхуэм зэрыхэтам папщІэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкІэ 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м къыхуагъэфэщащ «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекІуам папщІэ» медалыр.

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1945 гъэм фочІадзм и 30-м къыдигъэкІа Унафэм ипкъ иткІэ, Бетрожьым къыхуагъэфэщащ «Японием зэрытекІуам папщІэ» медалыр. Апхуэдэуи, зауэ Іэнатіэм щыщхьэмыгъаІэу УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм 2023 гъэм фочІадзм и 16-м зэрызыхуигъэза тхылъыр, фронтым Іута и адэм къыхуагъэфэщауэ щыта и тыгъэхэр я фронтым къыжьэІуэрэ ІэрагъэхьэжьныкмкІэ лъэІу тхылъыр».

Нэхущ зэадзэзэпхъэм зэратхымкІи, 2023 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м Мамхэгъ Астемыр жэуап кратыжащ я адэ Бийсостэн къыхуагъэфэщауэ щыта тыгъэхэм ящыщу Одессэ къ.ІэлІэр зэрыхьэм и медалымрэ Хэку зауэшхуэм II нагъыщэ зиІэ и орденымрэ къызэрратыжьым хуэгъэзауэ.

2023 гъэм дыгъэгъаэзм и 1-м, илъэс 80-м нэс дэкІауэ, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Къуэдзокуэ Мухьэмэд Бахьсэн район администрацэм и унэм деж Мамхэгъ Бийсостэн и къуэ Тальосстэн гуфІэгъуэ щытыкІэм тету щритыжащ я адэм къыхуагъэфэщауэ щыта тыгъэхэм ящыщу Одессэ къ.ІэлІэр зэрихьэмрэ медалыр.

Зыгъэхъэзырар
КЪУМАХУЭ Асльэнщ.

Мамхэгъ Бийсостэн Исмел и къуэм «Одессэ къалэр зэрихъумам папщІэ» медалымрэ ар къызэрыхъагъэфэщам щыхьэт техьуэ дэфтэрымрэ илъэс 80 дэкІауэ и бынхэм къратыжащ. Абыкъэ хъыбар дагъащІэ НэхущАхьмэдрэ абы ипхъу Дианэрэ.

АХЬМЭД Урысейм и федеральнэ налог Іэнатіэм КъБР-м щиІэ и къудамэм и къэрал налог инспектор щІэзыІэщІэ, УФ-м и къэрал-жылагъуэ кІуэлыкъум 1-нэ нагъыщІэ зиІэ и чэнджэщакІуэщ.

Дианэ Бахьсэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм щІыхуэхэм щІэныгъэ ягъэзэгъэныкмкІэ и Іэнатіэм информатизацэмкІэ, статистикэмкІэ, егъэджэныгъэр фІагъ льагэ иІэу егъэкІуэкІыныкмкІэ и къудамэм и Іэщ1агъэлІ нэхъыщхьэщ.

«2023 гъэр Урысейм Егъэджакіуэмрэ гъэсакіуэмрэ я илъэсу щытащ. Ари ди зы щхьэусыгъуэру зи щІадзэ щІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ди егъэджакІуэхэри Хэку зауэшхуэм зэрыхэтар къэдгъэльэгъуэжыну. Іуэхум дыщыбгъэдыхьэм, псом япэу зи цІэ дызрихьэлІаxэм ящыщщ Мамхэгъ Бийсостэн Исмел и къуэр», - дыкъыщІджэ Нэхущхэ зэадзэзэпхъэм ягъэхьэзыра тхыгъэм.

И щІалэгъуэм

Аргудан къуажэм унагъуэу дэса Мамхэгъ Исмел Алий и къуэмрэ абы и щхьэгъусэ Бетрожь Щэмилэт Даукий и пхъумрэ 1918 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м къащІэхъуа щІалэ цІыкІум Бийсостэн фІащащ. А лъэхъэнэм къызэрыкІуэ Іауэ, жьылэм тІэкІу ящхьэпрыкІыу мыльку нэхъ зиІэхэмрэ уэркъыцІэ зезыхьэхэмрэ егъэлеяуэ зэхэзэхуэм ящІырт. ВластыщІэм апхуэдэу къильытахэм Мамхэгъ Исмели ящыщти, мазий фІэкІа мы-хъуа я щІалэ цІыкІур (Бийсостэн) Хьэтуей дэс и анэшым деж ящэжри, я уиэцІэмкІэ (Бетрожь) ирагъэтхащ. А лІакъуэцІэр Бийсостэн 1963 гъэм и фочІадз щІэдзэ зэрихьащ.

ЩІалэщІэр 1935 гъэм курыт еджапІэм щыщІэтІысхьэм, занщІэу етхуанэ классым къащтащ. 1937 гъэм ар Къэбэрдей-Балъкъэр медтехникумым щІотІысхьэ. АрщхьэкІэ, властыщІэм, и адэм и мызакъуэу, и анэм и пІэныкъуэм бэлъыхь щыхидзэм, Бийсостэн а зэманым Орджоникидзе (Владикавказ) къалэм дэта Шэщэн-Ингуш педагогикэ еджапІэм щІотІысхьэ, абы къыдэкІуэри, Осетие Ищхьэрэм и Пригород районым щыІэ 17-нэ пэщІдзэ школым щрегъаджэ.

Дзэм здыхэтым

ЗдыщІэсым еджэн щимыух щыкІэ, Бетрожьыр (Мамхэгъыр) 1939 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м Дзэ Плъыжьым (Совет Армэм) ираджэ. Чапаевым и цІэр зезыхьэ 25-нэ фочауэ дивизэм и 54-нэ полкым хагъэхъэ. 1940 гъэм и мэлыжьыхьым Бийсостэн зыхэт дивизэр Запорожьем ягъэІэпхъуэ (Одессэ дзэ округ) икІи а гъэ дыдэм и мэкъауэгъуэ-бадзэуэгъуэ мазэхэм Ипщэ фронтым и 9-нэ армэм и зы Іыхьэу щыт 55-нэ фочауэ гуплым (корпусым) хэту «бессараб зекІуэ» зыфІащам хохуэ.

Бетрожьыр а лъэхъэнэм зыхэта Чапаевым и цІэр зезыхьэ 25-нэ фочауэ дивизэр 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м зауэ Іэнатіэм Іуоувэ. А дзэ пакІэм япэщІыкІэ зыщІгъэбыдар Болградт. А гъунапкъэр абы ящыгъащ 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 18 пщІондэ. Иужьым къикІуэтын хуей хъури, дзэ пакІэр Днестр псым и мыдрыщІкІэ къыщыхутащ. 25-нэ фочауэ дивизэр ящыщщ 1941 гъэм шышхьэуІум и 19-м къыщыщІдзауэ «Одессэ гъунапкъэр» зыхъумахэм.

Бетрожьыр 1944 гъэм шышхьэуІум и 28-м къыщыщІэдзауэ яхэтащ Румыниер фашистхэм къаІэщІэзыгъэкІыжахэм. Бийсостэн Чехословакиер хуит къэзыщІыжхэм я ихэту, 1945 гъэм гъатхэпэм и 15-м уІэгъэ хьэлъэ хъуат.

Къэралым ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм и дэфтэр хъумапІэ нэхъыщхьэм щІэлъ тхылъхэм къызэрагъэІэпхъуэжыну лажьэ лІыжь-фызыжьхэм я пенсэхэр индексацэ ящІ. ИкІэм-икІэжьым, властхэм зэхахащ нэхъыжьхэм я гукъеуэр. Фигу къэдгъэкІжыну, абыхэм я пенсэхэр я пІэ ирагъэжьхьауэ щытащ 2016 гъэм. ЩхьэусыгъуэР экономикэр гугъуехьэхэм зэрапэщІэхуар арауэ жаІащ. АрщхьэкІэ иджы белджылы хъущ апхуэдэ лъэбакъуэр щыуагъэу зэрыщытар, абы къэралым фІыуэ кІыхуихьащ мащІэ дыдэщ, ауэ цІыху мелуанэм лей къатехьащ.

Планэпэр зыгъэхъэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

● ІэпэІэсэ

Хьэзырым и гъащІэщІэр

Адыгэ лъэпкъыр къулейщ цІыху зэчиифІэхэмкІэ. ДиІэщ тхакІуэ гъуэзджэхэр, дохутыр цІэрыІуэхэр, дыщэкІ Іэпщіэлъапщіэхэр, сурэтыщІхэр. Ахэр ди пщІэр яІэту, лъэпкъыр цІэрыІуэ ящІу хуолажьэ щэнхабзэм. Абыхэм ящыщщ Кхъуэжьей (Ташу) Маринэ.

- Маринэ, укъызыхэкІа лъэпкъым хэта дыщэкІ, гъуклІэ, гъуазджэ и лъэныкъуэкІэ щапхъэ пхуэхъуа зыгуэр?

- Сэ Шэджэм Езанэм сыкъыщалъхуащ, сыкъуажэ пщащэщ... ЕгъэджакІуэ Іэщіагъэр зэзгъэгъуэтыну педагогикэмкІэ къудамэм сыщІэтыісхьат. СызыщіэтІысхьам гу ялъыстащ сурэт едзыгъуэхэр, къэрэндащхэр, лэчхэр яІэщіэлъу щызекІуэ студентхэм. Арати, сехъуэпсащ! Сэ сытым джеи сфІэфІт сурэт щІыныр, ауэ ар Іэщіагъэ сщІыну зэи сегупсысатэкъым. АтІэ, щеджэ, зыщІэс къудамэмкІэ сащІэупщІэри, ДПИ (декоративно-прикладное искусство) жьыхуІэм щыщу къыщІэкІащ. Сурэт щІыным къыщыІэмыщІауэ, а къудамэм щагъэхьэзырт дыщэкІхэри, пхъащІэхэри, хурагъаджэрт дыщэидэм, гъуІщІым къыхэІукІыным, уагъэхэр джыным. Арыххэу а къудамэм зеэгъэдзыжащ. Хъыджэбз Іэщіагъэщ къыхэсхар - фащэ дынымрэ абы ехьэлІа хьэпшыпхэр щІынымрэ. Си лъэпкъым гъуазджэм, щэнхабзэм епха хэмытами, а лъагъуныгъэр къызэдкІар къыхсхузмыщІэу, гъуазджэм хъщІыкъ сыхуэхъауащ.

- Гу зэрылъытакІэ, улъэпкъыпсэщ, Маринэ. Ар дауэ къызэщІэуша? Гъуазджэм хуэпщІа лъагъуныгъэм къыдэкІуауэ арагъэнщ!

- ДПИ-мкІэ кафедрэм и унафэщІым лъэпкъ гъуазджэмкІэ дригъаджэрт. Абы къыхсилъхьащ лъэпкъым нобэ хузиІэ гухэпъыр. Ди егъэджакІуэм и жьыІэкІэ сэ сыхыхьауэ щытащ КъБКъУ-м и къафакІуэ гупым. Мис абдеж си дунейм зигъэзэпащ: сыкъызыхэкІа лъэпкъыр зэрыуардэри, абы и щэнхабзэм хуэдэ зэрыщымыІэри, и фащэр зэрыдэгъуэри, и Іэщэр зэрыцІэрыІуэри, и тхыдэр зэрыжьыкъэри къэсщащ икІи а псори куууэ джыным зеспщытащ. ЕджапІэм дызыхурагъаджэр ди нэкІэ тлъэгъун щхьэкІэ, КъБР-м и Лъэпкъ музейм щІэх-щІэхьырэ дашэрт, щахъумэ лъэпкъ Іэмэпсымэхэмрэ фащэхэмрэ дагъаджу. Абы къыщысцІыхуащ Накуэ Феликс, адыгагъэм и дахагъэм дыщызыгъэгъуэзар. Музейм щыслъэгъу фэиплъхьэгъуэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ зэпэшэчауэ, гупсысэ куу хэлъу, екІуу, дахэу щІати, махуэ къэс къэсхутэр сфІэмащІэу сджыт лъэпкъ щэнхабзэр. Абы лъандэрэ илъэс куэд дэкІыжащ, сэри унагъуэ сыхъужащ, ауэ нобэр къыздэсым зыкІи кІэрыхуакъым а псом хузиІэ гукъыдэжыр.

- Иужьрейуэ щІэщыгъуэу утыку къипхъахэм ящыщщ тех-теплъхьэу хьэзыр щхьэхуэр. Абы и гугъу уэзгъэщІынут.

- Университетым сыщыщІэсам нэхъыбэу зджар цІыхухъу фащэрщ - цейрщ. Абы щыгъуэ хъэсхутауэ щытащ гынымрэ кІэрахъуэмрэ лъэпкъым къыхьіхьа нэужь хъэзырыр къызэрыунэхуар. А лъэхъэнэм ар тех-телъхьэт, блэгущІэмкІэ къыщІэкІыж къэлъэтакъым хуэдэу дамэм идзауэ. ИужьрыуэкІэщ хъэзырыр цейм традэ щыхъуар. Мис ар зыгуэрурэ ди нобэрей гъащІэм къыхэсщэну сыхъуапсэрт. Си щхьэгъусэр хьэгъуэлІыгъуэ кІуэну зигъэхьэзырти, хьэзыр щхьэхуэ хуэсщІщ, адыгэ джанэм ахэр тригъэзагъэри, апхуэдэу абы гъащІэ игъуэтауэ аращ. Согугъэ пщІэрэ щхьэрэ иІэу щэнхабзэм къыхьіхьэкауэ, гъащІэщІэ игъуэтыжауэ.

- Уи Іэщіагъэм и хъер улъагъу, Маринэ! КхъохъулІауэ собж. Адэкіэ сытхэр уи мурад?

- Илъэс зыбжанэкІэ лэжьыгъэншэу сыщысащ, хэхъуэ диІэти. АпщІондэху дяпэкІэ сызэлэжьынухэм сегупсысыну эзмэн сиІащ. Иджы щэнхабзэм и щІэин гуэрхэр къэстІыжыащи, ахэри лъэпкъым езгъэщІыхужыну сохъуапсэ. Ауэ япэ сильэдау а псом сытепсэлъыхьынкъым.

- Уи мурад псори къохъулІэну, къеплъхьэжьэм пщІэ иІэну ди гуапэщ.

Епсэлъар
ФЫРЭ Анфисэщ.

Шакъэ тклуэпсым къигъэлъагъуэ дунейр

Налшык дэт Лъэпкъ музейм мы махуэхэм щокІуэкІ Колядэ Николай «Шакъэ тклуэпсым къигъэлъагъуэ дунейр» зыфІища и гъэлъэгъуэныгъэр. Утыку кърахьа Іэдакъэщ1экІхэр гъэзэщІащ «суми-э» япон сурэт щІыкІэмкІэ. «Катёгэ» жьпхъэмкІэ щІащ удз гъэгъаэхэмрэ къуалэбзухэмрэ, «сансуга» лІэужьыгъуэмкІэ - къуршхэмрэ псыхэмрэ я теплъэхэр.

ПЭШЫМ уэзрыщІыхьэу нэм къыІуидзэ теплъэгъуэхэр, сурэтхэр теплъыджащ. Par хъу-мы, цІыху щытми, псэущхьэми, дыкъэзыухъуреихь дунейм и дахагъэмрэ щІыуэпсымрэми - нэр пІэпех жьыхуаІэм хуэдэ защІэщ. Апхуэдизкіэ егупъауэ, Іэзагъ ин хэлъу щІащи, нэІурытыщащ, аддэ жьжьэу щыхуарэз бзу цІыкІур къэгъэлъэгъуэнри зыщигъэгъупщакъым сурэтыщІым. Жьынтум и нитІыр, дждзум и плъэкІэр, фащэ зыщыгъэ япон хъыджэбзым и нэмысыфІвІагъэр, лъэпкъ дамыгъэхэмрэ тхьапхъащІпхъэхэмрэ - куэд мэхъу пфІэгъэщІегъуэныр. Аxэр псори зэрыщІа хьэпшыпхэри цІыхухэм яригъэльагъумэ фІэиГъуэу, абыхэми зы дапхъэ хухихащ сурэтыщІым.

Колядэ Николай Налшык къыщалъхуащ. Ар «суми-э» япон сурэт щІыкІэмрэ 2011 гъэ лъандэрэ дахьэх. ЩІэхщІэхыуРэ и щІэныгъэр щыхьгъэхъуащ лъэпкъ Іэпщіэлъапщіэ цІэ-рыІуэхэм я деж. 2015 гъэм къиухащ Москва дэт «Япон унэ» щэнхабзэ центрым и деж «суми-э»-мкІэ щыІэ илъэсищ курсхэр икІи езым и мыхъуррэ «кова» цІэ лейм рэратащ. Аxэр тыбольытагъэ Колядэ Николай и Іэдакъэщ1экІ сурэтхэм.

Лъэпкъ музейм и унафэщІ Накуэ Феликс къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Іэхуэщ1апІэм щызэхэта гъэльэгъуэныгъэхэм мыр къызэрыщІэр, и къызэрымыкІуагъэкІи и къызэрымыкІуагъэкІэ. «Апхуэдизкіэ гумызагъэу, емызэшу и Іэхуэм пэрытщ Колядэ Николаи, умыгъэщІэгъуэнкІэ Іэмал иІэкъым, - жиІащ абы. - Шэч къытехьэркъым мы лэжьыгъэхэр зыльагъу дтэнэкІи и гукъыдэжым зэрыхэхъуэнум».

Москва дэт «Япон унэ» щэнхабзэ центрым и унафэщІ Эндо Иори *(видеокІэ закъыхигъэзащ сурэтыщІми гъэльэгъуэныгъэм ептыну къыхэзыхахми)*, Кавказ Ищхъэрэм, Севастополь щыналъэм айкидомкІэ я федерацхэм я президентхэу Сергеев Юрий-рэ Сараев Василийрэ, журналист, Колядэ Николай унагъуэкІэ и ныбжьэгъу Ульяновэ Татьянэ, Ткаченко Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщі гъуэзджэмкІэ музейм гъэльэгъуэныгъэхэр къызэгъэпэщыныкІэ и къудамэм и унафэщІ Леонтьевэ Нинэ сымэ зы жьэу къыхзагъэщащ гуэру дыдэу щыт сурэтыщІ Іэмалым пІалъэ кІэщІым къыриджьым зэрыхэхъуэнум.

Апхуэдизу Николай къытеувыІащ «Шакъэ тклуэпсым къигъэлъагъуэ дунейр» гъэлъэгъуэныгъэм фІищын хуей щІэхъуам. КъызэрыщІэкІымкІэ, тІъэгуащ лэжьыгъэхэм яхэт нэхъ цІыкІухэр пщІын папщІэ зы щакъэ тклуэпсым урокыу.

Зи гугъу тщІа лэжьыгъэхэм зи нэ хъухуикІахэр фепІэщІэкІ - гъэлъэгъуэныгъэр базэуэгъуэм и 3-м зэхуащІыжьынущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Дзюдо

Ягу къагъэкІыж

Налшык къалэм дэт «Гладиатор» спорт комплексым иджыблагъэ щекІуэкІащ СССР-м дзюдомкІэ спортым и мастер Бабаев Къуанч и фэеплъу щыта, щІалэгъуалэм я 20-нэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Зэпеуэм щыІащ къэралым и щІыналъэхэм ящыщу 28-м я бэнакІуэу, щІалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 500-м нэблагъэ, я ныбжькІэ илъэс 18-м щІимыгъуауэ. Дзюдоистхэр гупибгъуу гуэшауэ щытащ икІи ахэр щІэбэнащ медаль комплектУ 17-м.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ илэ кІыхьэу спортсменхэмрэ зэпеуэхэм кІэлъыплъыну зэрихьэлІахэмрэ псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ икІи ар зэрелъэкІам елпъащ КъБР-м ЦІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныкІэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, КъБР-м и Парламентым и УнафІэщІым и къудзэ Къардэн Мурат, КъБР-м и Шэрэдж щІыналъэм и администрацэм и унафэщІ Кульбаев Алан сымэ.

Зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм медалибгъу къыщихьащ. Я хьэлъагъэ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпІэхэр щаубыдащ Хьуран Каринэ (кг 48-рэ), Бэч Анзор (кг 50), Бищіо Атхъан (кг 66-рэ) сымэ. Дыжьын медалхэр къаухьащ Къуэныкъуей Идар (кг 46-рэ), Къуэдзокъуэ Иланэ (кг 44-рэ), Къашыргъэ Мухьэмэд (кг 73-рэ) сымэ. Унэж Темырлан (кг 46-рэ), Шыгъэлыгъуэ Аскэр (кг 46-рэ), Жьілэ Идар (кг 81-рэ) сымэ ещанэ хъуащ.

Командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Дзухэ Беслъэнэрэ Залымрэ, Куп Эдуард, Джэданэ Залим, Емкъуж Рустам, Сэралъп Олег сымэ.

Зэпеуэм къыщыхэжаныкІахэр ягъэпэжащ медалхэмкІэ, щІыхь тхылъхэмкІэ, кубокхэмкІэ, ахъшэ саугъэтхэмкІэ. Абы нэмыщІ, япэ, етІуанэ хъуахэм Іэмал ягъэтащ УФ-м и пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтІауэ мы гъэм пыщцхьэуІум Армавир къалэм щекІуэкІыну зэпеуэм хэтыну.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Зэм изщ, зэм ныкъуэщ

Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

● Футбол

Ди псалъэм и щыхьэтуи, зэІущІэр ди щІалэхэм ирагъэжьащ губгъуэм щытепщэу: топыр нэхъыбэрэ яІыгъащ, хьэщІхэм я гуэм ебгъэрыкІуащ, ауэ, жэрдэмыкІыжэ ядэтлъэгъуакъым ар икІэщІыпІэкІэ къащтэну хуейуэ. Хэт ищІэрэ: дэнэ кІуэжьынхэ, мыхъуми зэ къэдубыдынкъэ, жьыхуаІэу, мыпІащІэу апхуэдэт. Дыгъэ гуащІэм и зэрани хэлъынкІэ хъунт я джэгукІэм.

Налшыкдэсхэм я ебгъэрыкІуэныгъэхэр кІащхьэми, «Спартак»-м и щІалэхэм пенальти къалэжьащ, «Динамо-2»-м и тодджэгум и Іэм топыр зэрытехуам щхьэкІэ, Ар КІэдыкІуей Хьэчим Іэзэу итъэзэщІащ. Абы иужькІэ налшыкдэсхэр ужьхьыжьхэри, зэІущІэм и япэ Іыхьэр и кІэм нэсыху гугъущэ зрагъэжьыжьакъым. Пэжщ, зэ-тІэу «Динамо-2»-м и гъуащхьэм тельъдахэщ Хьэшыр Алан я пашэу, ауэ Іуэхур и кІэм яхунэгъэсакъым.

Зэ́Іущ1эм и етІуанэ Іыхьэри апхуэдэ дыдэу щІидзэжащ: налшыкдэсхэр ебгъэрыкІуэу, хьэщІэхэм топыр я гъащхьэм нэхъ пэжьжьэу къыдзэрыІуакужьным хущІэкъу зэпыту, Ауэ Іуэхур апхуэдэу къэдрэ екІуэкІакъым. Ди щІалэхэм ахэр я гъащхьэм деж къыщаубыдащ. Сэмэгу лъэныкъуэкІэ штрафной кІуэцым ихьа къудейуэ Хьэшыр Алан кърата топыр дахэкІейуэ гъуэм дигъэкІащ, къыпэщІэта командэм и тодджэгуэхэмрэ гъащхьэтетымрэ къапекІуэкІыу. Абы щыгъуэ зэІущІэр и кІэм нэсыным къэнэжар дакъикъэ зытхухт. Адэкіэ гъэщІэгъэн гуэри командитІми дагъэлъагъужакъым. ЗэрыжаІэщи, зэм изщ, зэм ныкъуэщ.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэхэм хьыхь епщыкІутхуанэ джэгугъуэм ипкъ иткІэ «Спартак-Налшыкым» къиритэблагъат Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-р.

Иджырей зэІущІэм ипэкІэ тодджэгу губгъуэм къихьа гупхэр тІэу зэхуэзат, зыр налшыкдэсхэм кхахьащ, адрейр зэрытемыгъэкІуауэ зэбгрыкІыжажэщ. Ахэр къыщыхъар нагъабэщ, икІи, абы тепщІыхьу ухэлъадэ зэрымыхъунри гурыІуэгъуэщ, дауи, зэманым зехъуэж, дымыщІэ Іэджи къыздэхь. Хэт ищІэрэ, дыкърагъэкІуэтмэ-щэ?!

Мы гъэрей чемпионатым иджыри зы текІуэныгъэ къызыхуэмыхьа хъущІэхэм ар ди деж щахузэфІэкІыну фІэщыщІыгъуейт. Къэмыхъу щІэзкъым, къыттекІуэфынкІи хъунут, псалъэм папщІэ, ди командэм и зэхуэдитІыр губгъуэм къимыхьэу щытамэ, апхуэдизкІэ мыхьэнэншэщ «Динамо-2»-р мы гъэми. Ди щІалэхэри мыпщІэгъуэлъэу щытми, мэхъэчкъалэдэсхэм ебгъапщэмэ, зыгуэр яхужьыпІэныр емыкІу хъунущ.

ЩІэщыкъуей Олег.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и "Б" дивизионым и япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Ростов-2»	**14**	**9**	**2**	**3**	**35-15**	**29**
2. «Форте»	14	8	3	3	25-14	27
3. «Астрахань»	13	8	2	3	16-8	26
4. «Рубин»	14	8	1	5	18-14	25
5. «Легион»	14	7	3	4	21-10	24
6. «Динамо-Ставрополь»	14	6	5	3	19-15	23
7. «Севастополь»	13	6	4	3	17-9	22
8. «Ангушт»	14	5	6	3	15-10	21
9. «Спартак-Налшык»	**14**	**5**	**4**	**5**	**21-17**	**19**
10. «Строитель»	14	5	4	5	15-19	19
11. «Нарт»	14	5	4	5	16-23	19
12. «Биолог-Новокубанск»	14	5	3	6	19-20	18
13. «Кубань Холдинг»	14	4	4	6	14-18	16
14. «Победа»	15	3	3	6	18-21	15
15. «Дружба»	14	4	2	8	16-19	14
16. «Алания-2»	15	2	3	10	13-40	9
17. «Динамо-2»	**14**	**0**	**2**	**12**	**8-34**	**2**

Макъамэ пшыхьхэр

Музыкэ театрым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ мэкъуэуэгъуэм и 24, 25 махуэхэм Урысей ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ Іуэхущ1апІэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щиІэ къудамэм и ансамбль нэхъыщхьэмрэ «Москонцерт» творческэ гупымрэ «Беречь Отчизну - долг и честь» Іуэхур щрагъэкІуэкІащ.

МУЗЫКЭ театрым и пэІущІэ пэшым щагъэлъэгъуащ гъунапкъэхъумэ нэхъыщхьэм и музейм щахъумэ хьэпшыпхэр, гъунапкъэхъумэхэм къагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр, Іэщ1эхэр, сэлэт фэилъхьэгъуэхэр, Урысей ФСБ-м и «Граница» тхылъ тедзапІэм къыдигъэкІа тхылъхэмрэ журналхэмрэ. КъыжьІапхъэщ, Урысей ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ Іуэхущ1апІэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и хэгъэгухэм япэу апхуэдэ Іуэху зэрыщригъэкІуэкІыр.

Эстрадно-симфоние, духовой оркестр, хор, балет гуп зэІущІигъу ансамблым концерт гукъынэж итащ. Абы зэрагъэхьэлІащ гъунапкъэхъумэ Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ, я унагъуэхэр яІущІыгъуу. Ансамблым и уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэм концертым щагъэзэщІащ Хэкум, абы и хъумакІуэхэм ятеухуа уэрэдхэр. Зи махуэр зыгъэлъапІэ, гупым и хормейстер нэхъыщхьэ Попов Максим фІыуэ ильагъу кьафэр ансамблым агъэзэщІащ. Дагъыстэнымрэ Севастополь къалэмрэ иджы дыдэ къыщыхьуа террор щІэпхъаджагъэм мамыр щІыхуэр зэрыхэкІыгъэр гущІыхьэ зэращыхьуар къыхагъэщащ икІи я зы уэрэди трауукуащ абы хэлъэдахэм.

Налшык и мызакъуэу, ансамблым концертхэр щитащ Шэджэм, Шэрэдж, Іуащ1ыхьэмахуэ щыІэналъэхэм. Прохладнэ, Тырныауз къалэхэм, Щхьэлыкъуэ, Балъкъэр Ипщэ, Безенги, Булунгу къуажэхэм къыщыхэрагъэпщащ пшыхьхэм, дзэ-хэкупсэ, ветеран Іуэхущ1апІэхэм, дзэ Іуэху хэхам хэтахэм щаІущ1ащ.

Ансамблым и художественнэ унафэщІыр УФ-м и цІыхубэ артист, полковник Капралов Андрейщ. Гупыр жьыдэру хэтщ Урысейм, хамэ къэралхэм щекІуэкІ щэнхабзэ зэхьэхьэшхэм. Ансамблым егъэзащІэ урыс, хамэ къэрал классикэ макъамэ, кьафэ нэхъыфІхэр. Абы концертхэр Урысейм и щІыналъэхэми нэгуэщІ щІыпІэхэми щет, телевиденэмрэ радиомрэ ирагъэблагъэ, аудиоальбомхэр кьыдегъэкІ, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэм ядолажьэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ширдий Маринэ (*унафэщІ-редактор)*, **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.546
Заказыр №1347

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъэн.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управлензм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Инна** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытредзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.